**Biologiya. Ximiya.**

# «ARALQUM» TOǴAYZARLÍQQA AYLANBAQTA

**M.T.Baltabaev** – *biologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
**V.M.Baltabaeva** – *stajyor*
**M.Karlıbayeva** – *magistrant*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so’zlar:** Orol dengizi, Orolqum, qurigan maydon, tuzli-qum, ekologik ofat, o‘simlik, daraxt ekish, cho‘liston, saksovul urug’i, urug‘ning ko‘karuvchanligi, fitomeliorant, yem-xashak.

**Ключевые слова:** Аральское море, Аралкум, осушенное дно, песчано-соляная, экологическое бедствие, растение, лесопосадка, пустыня, семена саксаула, прорастание семян, фитомелиорант, кормовой.

**Key words:** Aral Sea, Aralkum, Aral (sand) drained bottom, sandy-salt, ecological disaster, plant, forest plantation, desert, saxaul seeds, seed germination, phytomeliorant, fodder.

Ótken ásirdiń 60-jıllarınıń ortalarınan baslap Aral teńiziniń suwı qayta baslaǵanlıǵı belgili boldı. Keyin ala suwdan qurǵaǵan maydanlarda «Aralqum» dep atalǵan topıraqtıń ústińgi qatlamı duzlı qum menen qaplanǵan regionda jaña shólistanlıq payda boldı.

Teńiz suwınıń qurǵawı aqıbetinde oǵada awır ekologiyalıq jaǵdaylar kelip shıqtı. Aymaqtıń ıqlım sharayatı ózgerdi, kóplegen orında topıraq, tábiyiy toǵayzarlar hám jaylawlar degradaciyaǵa ushıradı, ósimlikler hám haywanatlar dúnyasınıń biologiyalıq kóp túrliligi kemeydi.

Aral teńizi 45-50 jıl dawamında bir áwladtıń kóz aldında joq bolıp ketti.

Házir teńizdiń qurǵaǵan maydanında úlken sahra payda bolıp, onnan jılına 100 million tonna duzlı shań kóteriledi. Bul shań-tozańlar alıs-alıslarǵa-muzlıqlarǵa, Evropa mámleketlerine, Norvegiya toǵaylarına shekem jetip barmaqta.

Dúnya mashqalasına aylanǵan Aral apatshılıǵınıń aqıbetlerin jumsartıw boyınsha Prezidentimiz ámeliy baslama menen shıqtı hám búgingi kúnde onıń dáslepki nátiyjeleri kórinbekte.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev 2017-jıl 19-sentyabrde Birlesken Milletler Shólkemi Bas Assambleyasınıń 72-sessiyasında Aral mashqalası, bul dúnya júzlik mashqala ekenligin atap ótken edi.

Házirgi waqıtta Prezidentimiz Shavkat Mirziyoevtiń baslaması menen Aral mashqalasın saplastırıw boyınsha regionallıq birge islesiw jańa basqıshqa kóterilmekte. Ol 2018-jıl 21-avgust kúni Túrkmenstannıń Túrkmenbashı qalasında bolıp ótken Araldı qutqarıw xalıqaralıq qorı aǵzası mámleketler basshıları Keńesi májilisinde Aral boyı átirapında ekologiyalıq apatshılıqtı jumsartıw boyınsha óz pikirlerin usındı. Ol óz sózinde Ózbekstan Respublikasında 2018-2021-jıllarda Aral boyı aymaqların rawajlandırıw boyınsha mámleketlik baǵdarlama qabıl etilgenligin bildirdi.

2018-jıl 9-dekabr kúni Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.Mirziyoev awıl xojalıǵı xızmetkerleri kúnine baǵıshlanǵan saltanatlı máresimde shıǵıp sóylegen sózinde «Ózbekstandı 2017-2021-jıllarda bunnan bılay da rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyasında barlıq salalar qatarında awıl xojalıǵın da modernizaciya boyınsha eń áhmiyetli wazıypalardı anıq belgilep, olardı izbe-iz ámelge asırıp atırǵanımız tarawdaǵı úlken tabıslarǵa tiykar bolıp xızmet etpekte» dep kórsetken edi.

BMSh niń Aral boyı regionı ushın Insan qáwipsizligi boyınsha hár tárepleme sheriklik tiykarında Trast fondı shólkemlestirilip, oǵan dáslepki kúnlerden–aq Yaponiya, Norvegiya, Qatar hám Saudiya Araviyası mámleketleri málim muǵdardaǵı qarjını qarattı.

Búgin bul jerde alıp barılıp atırǵan jumıslar adamdı tań qaldıradı. Aral boyı aymaǵın ekologiyalıq innovaciya hám texnologiyalar zonası dep biykarǵa atamadı.

Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev 2018-jıl 28-dekabr kúni Oliy Majiliske Múrájatında «Biz Aral teńiziniń suwsız qalǵan aymaǵında jasıl toǵaylar jaratıwǵa ayrıqsha itibar bermektemiz» dep aytıp ótti [1].

Araldıń qurǵaǵan ultanında seksewil egiw jumısları 2018-jıl 17-dekabrden baslandı. Bul ilajǵa Qaraqalpaqstan Respublikasınan 217, Respublikamızdıń basqa wálayatlarınan 290, barlıǵı bolıp 507 injenerlik hám awıl xojalıq texnikaları Araldıń qurıǵan maydanına mobilizaciyalandı.

Qıstıń boranlı kúnlerinde jurtımızdıń barlıq aymaqlarınan kelgen jumısshılar Aral teńiziniń qurǵaǵan ultanındaǵı qum hám duzlı shańlardıń kóteriliwine tosqınlıq qılatuǵın jasıl maydanlar jaratıw ushın shın ıqlas penen miynet etti.

Prezidentimizdiń Oliy Majiliske Múrájatında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha 2019-jıl 4-yanvar kúni «Teńiz sheginip atır, biraq insan sheginbeydi» atamasında Xalıq aralıq press klubtıń gezektegi sessiyası birinshi mártebe Nókisten 300 kilometr uzaqta-Araldıń qurǵaǵan ultanında ótkerildi [2].

Haqıyqattanda, búgin mámleketimiz xalqı Aral teńiziniń qurǵaǵan ultanında “Jasıl qaplamalar”-qorǵaw toǵayların payda etiw ushın keń kólemli miynetler qılmaqta.

Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstan Respublikası boyınsha 1 mln 220 mıń gektarǵa jaqın toǵayzarlıqlar jaratılǵan bolsa, sonan 400 mıń gektarınan zıyatı aral boyı aymaqlarına tuwrı keledi.

Teńizdiń suwı qurǵaǵan ultanında topıraq payda bolıw procesi ásten ótpekte. Aral teńiziniń qurǵaǵan ultanı 5 million gektardan artıq maydandı quraydı. Sol maydanlardan aqılǵa uǵras paydalanıw házirgi zaman talabı esaplanadı. Tiykarǵı másele suwı qurıǵan maydanlarda shól ósimlikler birlespesin (tábiyiy halda hám ósimliklerdi egip kóbeytiw usılında) dúziw.

Usı orında maǵlıwmatlarǵa itibar beretuǵın bolsaq, mısalı, 2018-2019-jılları gúz-qıs hám báhár máwsiminde Aral teńiziniń qurǵaǵan ultanında 460872 gektar maydanda fitomelioraciya jumısları alıp barıldı, sonnan 326 150 gektar maydanǵa samolyot járdeminde, 119 437 gektar maydanǵa texnika járdeminde, jámi 445587 gektar jerge tuqım egildi, al mádeniy toǵaylar jaratıw ushın 15 285 gektar jerge terek nálleri otırǵızıldı. Bul jumıslardı ámelge asırıw ushın 1532 tonna shól ósimlikleri tuqımları tayarlandı. Seksewil hám basqa shól ósimliklerinen ibarat toǵayzar may ayınıń basında vegetaciya dáwirinde jasıl reńge kirip, búgin maydan kók reńge aylandı, nátiyjeler kózge kórine basladı.

Maǵlıwmatlarǵa itibar qaratatuǵın bolsa, 2019-jıldıń guz-qıs hám 2020-jıl báhár máwsiminde Aral teńiziniń qurǵaǵan ultanında 706 401 gektar maydanda fitomelioraciya jumısları alıp barıldı, sonnan 496 933 gektar maydanǵa samolyot járdeminde, 166 170 gektar maydanǵa texnika járdeminde, jámi 663100 gektar jerge seksewil tuqımı egilgen bolsa, mádeniy toǵay jaratıw ushın 40 284 gektar jerge terek nálleri otırǵızıldı. Bunnan tısqarı, 3014 gektar jerge sharwa malları ushın jaylawlar shólkemlestirildi, yaǵnıy ótken dáwirde 1,2 million gektar “Jasıl qaplamalar” jaratıldı, ótkerilgen monitoring nátiyjeleri boyınsha egilgen seksewillerdiń jaǵdayı jaqsı, olardıń ortasha kógeriwsheńligi 35-40 % ti quraydı.

Qaraqalqalpaqstan mámleketlik toǵay xojalıǵı komiteti hám sırt el birge islesiw shólkemleri tárepinen teńizdiń qurıǵan ultanına shólge shıdamlı ósimliklerdi tańlap alıwımız zárúr. Usınday toǵay dúziwshi fitomeliorant ósimlikler qatarına seksewil menen bir tuqımlasqa jatatuǵın cherkez hám keyreuk ósimliklerin kiritiwge boladı, ol

ámeliyatta keń qollanıladı. Bul túrler qımbat bahalı ot-jemlik ósimlik bolıp esaplanadı.

Seksewil. Respublikamızdıń shól zonalarında ósetuǵın soralar tuqımlasına jatatuǵın seksewillerdiń 2 túri tarqalǵan. Seksewil terek yáki puta tárizli shólge shıdamlı kóp jıllıq ósimlik. Seksewiller 50-60 jıl jasaydı. Japıraqları mayda, tamırları kúshli rawajlanǵan, sonıń ushın olar jer astı suwlarınan jaqsı paydalanadı. Seksewiller Qızılqum hám Ústirtte kóp tarqalǵan. Olardıń biri qara seksewil duzlı, taqır jerlerde, al ekinshisi aq seksewil qumlı shól jerlerde ósedi. Ekewi de qımbat bahalı ot-jemlik ósimlik bolıp esaplanadı. Seksewildi hámme sharwa malları, ásirese túye hám qoy-eshkiler jıldıń hámme máwsiminde súysinip jeydi. Seksewil tek ǵana ot-jemlik ósimlik bolıp qalmastan toǵay dúziwshi ósimlikler bolǵanlıqtan shóldegi kóshpeli qumlardı bekkemlewde hám shor taslandı jerlerdi ózlestiriwde úlken áhmiyetke iye.

Cherkez. Qaraqalpaqstan florasında ósetuǵın soralar tuqımlasına jatatuǵın cherkezdiń 2 túri bar.

Olardıń biri Aq cherkez (Salsola richteri kar.)-boyı 3 metrge deyin ósetuǵın iri puta deneli ósimlik, Orta Aziyanıń qumlı shólistan endemigi esaplanadı.

Cherkezdi hámme sharwa malları, ásirese túye hám qoy-eshkiler jıldıń hámme máwsiminde súysinip jeydi. Qoylar jazda ósimliktiń japıraqların júdá súyip jeydi, gúzgi-qısqı dáwirde cherkez bahalı maylı ot-jem ósimlik bolıp xızmet etedi.

Cherkezdiń ashıq qumlarda ósiwi, kóp tuqım beriwi, qálemshe hám tuqım menen kóbeyiwi, duzǵa shıdamlılıǵı, tamır sistemasınıń kúshli rawajlanıwı, qosımsha tamırlar payda etiw, onıń qumdı bekkemlewde eń tiykarǵı ósimlik sıpatında qáliplesiwinde járdem beredi.

Keyreuk. Keyreukti birinshi mártebe Gmelin jazadı hám onı Salsola orientalis dep ataydı. Salsola orientalis (mestnoe nazvanie-keyreuk) Soralar– Shenopodiaceae tuqımlasına kiredi.

Keyreuk yarım puta ósimlik bolıp onıń biyikligi 15-17 sm ge shekem jetedi. Keyreuk tómendegi bólimnen baslap, jaqsı hám qalıń shaqalaydı. Bul ósimlik duzǵa hám shólge shıdamlı galo-kserofit ósimlik, ol Orta Aziya shólistanlarında hám yarım shólistanlarda kóplep ushırasadı.

Bul ósimlik fitomeliorativlik ámeliyatta keń qollanıladı. Ol joqarı azıqlıq qásiyetke iye, eń jaqsı ot-jemlik ósimlik, onıń gúli, mayda shaqaları tiykarǵı azıq bolıp, ol qoy-eshkiler hám iri qaramallar ushın jıl dawamında jelinetuǵın tiykarǵı ot-jemlik ósimlik esaplanadı.

Aral teńiziniń suwı qurıǵan ultanında jańadan payda etilgen jaylaw maydanları sharwashılıqtı rawajlandırıwdıń tiykarǵı zonası bolatuǵınlıǵına isenemiz. Bunnan 25-30 jıl burın egilgen maydanlarda jasalma hám tábiyiy jaylawlar payda bolǵan. Demek, aldaǵı waqıtlarda teńizdiń qurǵaǵan ultanında keń kólemdegi ot-jemlik azıqlıq zatlarǵa bay jańadan jaylawlar bolatuǵınlıǵı anıq.

Teńizdiń qurıǵan ultanında hám Aral teńizi aymaqlarında ekologiyalıq jaǵdaydıń jaqsılanıwına tásir etedi: qumlardıń kóshiwi, shań-tozańlardıń ushıwı páseyedi, ıqlım shárayatına unamlı tásir kórsetedi, biologiyalıq kóp túrlililik rawajlanadı. Teńizdiń qurıǵan ultanında jańadan sharwa malları ushın ot-jem bazası jaratıladı. Teńizdiń suwı qurǵaǵan maydanlarında shól ósimlikleriniń bio-ekologiyalıq ózgeshelikleri, olardıń qurǵaqshılıqqa hám duzǵa beyimlesiw processleri, ol jerdiń topıraq quramın hám geobotanikalıq izertlewler alıp barıw zárúr.

Prezidentimiz tárepinen belgilenip berilgen elimizdi jánede rawajlandırıw boyınsha qabıl etilgen mámleketlik baǵdarlamalardıń orınlanıwına hár birimiz óz úleslerimizdi qosıwımız lazım.

## Ádebiyatlar


1. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtiń 2018-jıl 28-dekabr kúni Oliy Majiliske Múrájatında «Biz Aral teńiziniń suwsız qalǵan aymaǵında jasıl toǵaylar jaratıwǵa ayrıqsha itibar bermektemiz»-bayanatınan.
2. Prezident Sh.Mirziyoevtiń Oliy Majiliske Múrájatında belgilengen wazıypalardıń orınlanıwı boyınsha «Teńiz sheginip atır, biraq insan sheginbeydi» atamasında Nókis qalasınan 300 kilometr uzaqta-Araldıń qurǵaǵan ultanında ótkerilgen Xalıq aralıq press klubtıń gezektegi sessiya materialları. 2019-jıl 4-yanvar.
3. Айтбаев К.А., Балтабаев М., Даўлетмуратов С.Д. Развитие корневой системы основных кормовых растений в условиях культуры Каракалпакских Кызылкумов. // "Вестник" ККФАН Уз.ССР.1985. №3. –С.16-19.
4. Балтабаев М.Т., Ембергенов М. Особенности распределения корневой системы Salsola richteri Kar в культуре. В международном научном журнале «Молодой ученый» №18 (204), май 2018. -Казань: -С.123-125



**REZYUME**

Demak, oldingi vaqtlarda dengizning qurigan tubida keng ko'lamdagi yem-xashak oziq moddalarga boy yangidan yaylovlar bo'lishi aniq. Orol dengizining suvi qurigan tubida yangidan barpo etilgan yaylov maydonlari chorvachilikni rivojlantirishning asosiy zonasi bo'lishiga ishonamiz. Maqolada "Orolqum"da yaratilayotgan oʻrmonzorlar boʻyicha yangi maʼlumotlar bayon etilgan.

**РЕЗЮМЕ**

В статье представлены новые сведения о лесах, создаваемых в Аралкумах. Очевидно, что на дне высохшего моря в скором будущем будут обширные, богатые на растительность, леса и пастбища. Верится, что высохшее дно Арала будет основной зоной для развития животноводства в регионе. В статье представлена новая информация о лесах, создаваемых в Аралкумах.

**SUMMARY**

The article the presents the new information about the forests created in the Aralkum. It is obvious that at the bottom of the dried-up sea in the near future there will be vast, rich in vegetation, forests and pastures. It is believed that the dried bottom of the Aral Sea will be the main area for the development of cattle breeding in the region. The article provides new information on the forests being created in the Aralkum.


# БУХОРО ШАХРИДА ЖОЙЛАШГАН ҲОВУЗЛАРНИНГ САНИТАР-ГИГИЕНИК ТЕКШИРУВ НАТИЖАЛАРИ


**С.Б.Бўриев** – *биология фанлари доктори, профессор*

**Ш.Р.Шаропова –** *докторант*

*Бухоро давлат университети*



**Таянч сўзлар:** патоген микрофлора, ҳовузлар, Петри ликопчаси, фильтр когози, пробирка, микроскоп, аралашма, физиологик эритма.

**Ключевые слова:** патогенная микрофлора, бассейны, чашка Петри, фильтровальная бумага, пробирка, микроскоп, смесь, физиологический раствор.

**Key words:** pathogenic microflora, pools, Petri dish, filter paper, test tube, microscope, mixture, physiological solution.


Дунёда бирор тирик жон сувсиз яшай олмайди. Сув одам ва сайёрамиздаги барча тирикликнинг эҳтиёжларини қондириш ҳамда атрофимиздаги табиий муҳитни сақлаш учун жуда зарур. Лекин чучук сув ресурслари чекланган, шунунгдек, сайёрамиз бўйлаб бир меъёрда тақсимланмаган. Сув билан таъминлан-ганлик бўйича муаммо йўқ бўлган минтақалар ҳам мавжуд. Бироқ ер юзида сув етишмовчилиги сабабли қатор қийинчиликларга учраётган давлатлар ва одамлар кам эмас. Марказий Осиё эса, шундай минтақалардан бири ҳисобланади. Иқлим ўзгараётган ва аҳоли тобора ўсиб бораётган шароитларда бу минтақада сув ресурс-лари